Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- dafa génn ci nun, nu ne ko: yaw Yonnente Yàlla bi, xam nanu naka lanu lay nuyòo, leegi naka lanuy jullee ci yaw?

Jële nañu ci Abdur Rahmaan ibn Abii Laylaa mu wax ne: Kahb ibn Hujrata dafa dajee ak man, ne ma: ndax du ma jox àddiya? Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- dafa génn ci nun, nu ne ko: yaw Yonnente Yàlla bi, xam nanu naka lanu lay nuyòo, leegi naka lanuy jullee ci yaw?, mu wax ne: "waxleen: Allaahumma salli halaa Muhammadin wa halaa aali Muhammadin kamaa sallayta halaa aali Ibraahiima, innaka Hamiidun Majiidun, Allaahumma baarik halaa Muhammadin wa halaa aali Muhammadin kamaa baarakta halaa aali Ibraahiima innaka Hamiidun Majiidun".

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Sahaaba yi dañoo laaj Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- naka lañuy jullee ci moom? Ginnaw ba ñu xamee naka lañu koy nuyòo, ca taaya ya: "Assalaamu halayka ayyuhan Nabiyyu wa rahmatul Laahi wa barakaatuhu..."? Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- xibaar leen naka lañuy jullee ci moom, te maanaa mi mooy: "Allaahumma salli halaa Muhammadin wa halaa aali Muhammadin" Maanaam: tagg ko ci tudd gu rafet ca mbooloo mu kawe ma, ak ñi ko topp ci diineem ji, ak jegeñaaleem yi ko gëm. "kamaa sallayta halaa aali Ibraahiima" Kem ni nga defe ngëneel ci ñoñi Ibraahiima -yal na jàmm nekk ci moom- te ñooy Ibraahiima ak Ismaahiila, ak Ishaaqa, ak seeni sët ak way-gëm yi leen topp, na nga jotale say ngëneel Muhammat -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc-. "innaka Hamiidun Majiidun " Maanaam: ki ñu sant ci sa jëmm ji ak ci sa melo yi ak ci say jëf, di ki yaatu ci sag màggaay ak ci sag kilifteef ak say may. "Allaahumma baarik halaa Muhammadin wa halaa aali Muhammadin kamaa baarakta halaa aali Ibraahiima" Maanaam: jox ko ci ay yiw ak i teránga ya ca gën a màgg, te nga dolli ko te saxal ko.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/5377